QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QORAQALPOG'ISTON
RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«23» Июль 2021-j. №02-02/05-3382 «___»____________ 2021 y.

**Кегейли районы
ҳәкимиятына**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизиң, 2021-жыл 8-июль сәнесиндеги 01-1424-санлы хатыңыз бойынша төмендегилерди мәлим етемиз:

Ҳақыйқатында да М.Төремуратов Халық билимлендириў министрлигиниң "Билим сыпаты мониторинги бөлиминиң бас қәнигеси" лаўазымында ислеп келген ҳәм өз арзасы тийкарында Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 15-июнь сәнесиндеги 117-к санлы буйрығы тийкарында жумыстан босатылған. Ҳәзирги күнде, Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 16-июнь күнги 119-санлы буйрығы тийкарында Кегейли районлық халық билимлендириў бөлиминиң "Билим сыпаты мониторинг бөлиминиң бас инспектор-методисти" лаўазымына үш ай сынаў мүддети тийкарында жумысқа қабыл етилген.

Мүрәжатта атап өтилген ўақыялар қаншели дәрежеде дурысқа келиўи яки келмеслиги бойынша сәўбет өткергенимизде пуқара З.Қурбаниязова бул көрсетпелер жалғанлығы ҳаққында өз түсиник хатында көрсетип берди. Сондай-ақ, баласы А.Кеңесбаев пенен өз-ара келиспеўшилик бойынша 2021-жыл 22-июнь сәнесиндеги Нөкис қаласы жынаят ислери бойынша суды тәрепинен көрип шығылғанлығын ҳәм бул ўақыяда М.Төремуратовтың хеш қандай қатнасы жоқ екенлигин билдирди (З.Қурбаниязованың түсиник хаты ҳәм Нөкис қаласы жынаят ислери бойынша суд қарары қосымша етиледи).

Жоқарыдағы жуўаптан наразы болсаңыз ҳуқық қорғаў уйымларына мүрәжат етиўге ҳақылы екенлигиңизди мәлим етип билдиремиз.

**Министрдиң биринши
орынбасары ў.ў.а** **Қ.Бекбаулиев**

Орынлаўшы: С.Ҳабипов
Тел: (61) 222-24-62

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў
министри Р. Реймовқа
мен Курбаниязова Зляйха
Хожаниязовна дан
97 996 20 16 (61)224 67 31.

# Түсиник хат

Усы түсиник хатым арқалы
Сизге мәлим етип билдиремен, Арза
бияса хаққында Д. Сейтов пенен
Турмыс қурдым бирге жасадым Ж, Сейтов
қаққынгара мениң қайын атам.
Сейтов Кеңесбай 24-июнь 2021ж күни
Қарақалпақстан Республикасы Кегейли
районы жәми атынан арза менен
мүрәжат еткен. Мен Төремуратов Мамбеталы,
танымайман жумыс бабында. Арзада
көрсетилген нәрселердиң бәри жалған
жекилиги өмирде Төремуратов. М. менен
жеи қандай жақын қарым қатнаста
болмадым мениң Мамбеталыға жеи қандай
дағуа жоқ, бирақ өзимниң балам
Кеңесбаев Аллаяр 2021ж 3 май күни
балам менен өз ара келиспей қалып
жәнжеллесип балам маған қол көтермек-
ши болған уақтында доллараты нан
кесип отырған кыйнақ бармағыма
тийип кетти. Қаққынгара де
ҳәзирги күнде күйеўим Сейтов. Д
менен ажырасып атырмыз.

Жзхав

Баламның қолына пышақ кескени бойынша полис қаладағы Суд тэрепинен көрилип шыққан атыр. Усы күнге шекем қайын атам Сейтов Кеңесбай жэ туры жалған көрсетпелер менің үстимнен жазып келген 2021 ж 24 июнь күнги жазылған арзада көрсетилген нэрселердиң барлығы жалған мен Төремуратов. И дем қандай дауым жоқ. деп

Түсиник хат бериўши

Курбаниязова З. [signature] 23.07.2021ж.

## ҚАРАР

2021-жыл июнь айының 22-күни жынаят ислери бойынша Нөкис қаласы суды, усы судтың суд мәжилислер залында, ашық суд мәжилисинде, баспылық етиўши усы судтың судьясы И.Калниязов, судья жәрдемшиси З.Исметуллаеваның хаткерлигинде, ҳуқықбузар З.Курбаниявова, жәбиркеш А.Кенесбаев ҳәм қорғаўшы адвокаты Дж.Утегеновтиң қатнасында,

Өзбекстан Республикасы ҲЖхКниң 52-статьясы 2-бөлиминде нәзерде тутылған ҳуқықбузарлық жағдайы жүзесинен:

1981-жыл 05-апрель күни Хожели районында туўылған, миллети қарақалпақ, Өзбекстан Республикасы пуқарасы, мағлыўматы жоқары, шаңарақлы, үш перзенти бар, алдын ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылмаған, Нөкис қаласы 4-мектеп интернатында тәрбияшы, Нөкис қаласы массив Сарбиназ 4-жай 9-ханада жасаўшы Қурбаниязова Злайха Хожаниязовнаның қарсысына

топланған 3-2301-2103/1555-санлы ҳәкимшилик исин көрип шығып төмендегилерди,

## АНЫҚЛАДЫ:

Ҳуқықбузар Қурбаниязова Злайха Хожаниязовна 2021-жыл 03-май күни саат 14:30 ларда Нөкис қаласы массив Сарбиназ көшеси өзиниң жасаў үйинде, перзенти жас-өспирим Кенесбаев Аллаяр Дамировичти ашыў үстинде қолындағы асхана пышағын силтеп жиберген, нәтийжеде А.Кенесбаевтиң бармағына тийип, дене жарақатын жеткизген.

Суд медицина экспертизаның 2021-жыл 19-май күнги 82-санлы жуўмағына көре, жас өспирим А.Кенесбаев ден саўлығының қысқа мүддетке бузылыўына алып келмеген жеңил дәрежедеги дене жарақатын алғанлығы анықланған.

Солай етип, ҳуқықбузар З.Курбанияваозиниң ис-ҳәрекетлери менен Өзбекстан Республикасы ҲЖхКниң 52-статьясы 2-бөлиминде нәзерде тутылған ҳуқықбузарлықты ислеген.

Суд мәжилисинде ҳуқықбузар З.Курбанияова айыбын қысман мойынлап, өзи Нөкис қаласы массив Сарбиназ 4-жай 9-ханада үш перзенти менен бирге жалғыз өзи жасайтуғынын, 2021-жыл 03-май күни қызы Индираны болницадан шығарып алыў ушын кеткенин, үйинде кишкентай баласы Артур оқыўдан ауырып қайтқанын, сол ўақыт баласы А.Кенесбаев оқыўдан келип үйиниң қапысын ашыра алмай атырғанын айтып телефон қылғаны ҳәм есикли ашнасы қапыны бузыр киретуғынын айтқан ҳәм кейин өзи келгенде қапыны бузып киргенин ҳәм кишкентай баласы сөйлей алмай жылап турғанын, кейин өзи ашыў үстинде баласы А.Кенесбаевқа бақырып кеткенин ҳәм баласыда өзине оған қопал мүнәсибетте болып өзин хақарат етип қол көтермекши болғаны оған шыдай алмай стол үстинде нан кесетуғын пышағын силтеп қорқытқанын, сол ўақыт пышақ баласы А.Кенесбаевтың бармағына тийип кеткенин өзиниң баласын өлтириўге ҳәрекет етпегенин, тек ашыў үстинде азғана бақырыс болғанын, өзине жеңиллик бериўди сорайтуғынын айтып көрсетпе берди.

Суд мәжилисинде жәбиркеш А.Кенесбаев 2021-жылы 03-май күни саат 14:30 ларда үйине келгенин үйине келсе телевизордың даўысы шығып турғанын, қапыны бирақ хеш ким ашпағанын, кейин анасына телефон қылып қапыны ашпай атырғанын, үкесине бир зат болып қалмадыма деп ойлап қапыны бузып киргенин кейин кирсе иниси уйықлап атырғанын көрип, ашыў үстинде оған бақырғанын, ярым саатлардан кейин анасы келгенин, анасы ашыўланып бақырып кетип асхана пышағын алып жуўырғанын, сол ўақыт қарындасының сумкасын тутып қалғанын, сол ўақыт пышақ бармағына тийип кеткенин ҳәм қан тоқтамағаннан, кейин болницаға барыўға мәжбүр болғанын, анасын кеширмейтуғынын, тийисли жазасын қоллаўды сорап көрсетпе берди.

Ҳуқықбузар З.Курбаниязованың айыбы оның суд мәжилисинде берген көрсетпесинен тысқары, истеги ҳуқықбузарлық анықланғаны ҳаққындағы мәлимлемеси, суд медицина экспертизаның 2021-жыл 19-май күнги 82-санлы жуўмағы, дәслепки сорастырыў дәўиринде берген түсиник хатлары, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы баянамасы ҳәмде ис бойынша топланған басқа да ҳүжжетлер жыйындысы менен толық тастыйықланады.

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Пленумының 2018-жыл 30-ноябрь күнги «Судлар тәрепинен ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық ҳаққындағы ислерди көриўди тәртипке салыўшы нызамларды қоллаўдың айырым мәселелери ҳаққында»ғы 35-санлы қарарының 20-бәнтинде "Судларға түсиндирилсин: нызам санкциясында нәзерде тутылғанынан жеңилирек ҳәкимшилик жаза шарасы қолланылғанда қарардың хуласа қысмында тек ғана ҲХхКниң 33-статьясын қоллаған ҳалда тайынланған жаза түри ҳәм муғдары көрсетилиўи лазым болып, жеңилирек жаза тайынланыўы себеплери қарардың баян қысмында көрсетиледи" деп түсиниклер берилген.

Суд, ҳуқықбузар З.Курбаниязованың ис-ҳәрекети Өзбекстан Республикасы ҲЖхКниң 52-статьясы 2-бөлими менен дурыс квалификация етилген деп есаплап, ҳуқықбузарға жаза тайынлаўда, сәдир етилген ҳуқықбузарлық өзгешелигин, ҳуқықбузардың шахсын, оның айыплылық дәрежесин есапқа алып, оның ис-ҳәрекетинен шын кеўилден пушайманлығын,алдын ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылмағанын ҳәм жәбиркештиң өзиниң перзенти екенин жуўапкершилигин жеңиллестириўши жағдайлар деп есаплап, оның жуўапкершилигин аўырластырыўшы жағдайлар жоқ деп таўып, статья санкциясында нәзерде тутылған жәрийма муғдарын тайынлаўды лазым тапты.

Жоқарыдағыларға тийкар ҳәм Өзбекстан Республикасы ҲЖхКниң 33. 245. 309. 310. 311-статьяларын қолланып, суд

## ҚАРАР ЕТЕДИ:

Ҳуқықбузар Қурбаниязова Злайха Хожаниязовна Өзбекстан Республикасы ҲЖхКниң 52-статьясы 2-бөлиминде нәзерде тутылған ҳуқықбузарлықты ислегенликте айыплы деп табылсын.

Ҳуқықбузар Қурбаниязова Злайха Хожаниязовнаға Өзбекстан Республикасы ҲЖхКниң 52-статьясы 2-бөлими менен базалық есаплаў муғдарының 2 (еки) еселси, яғный 490.000 сўм муғдарында жәрийма жазасы тайынлансын.

Қарарға наразы тәреп қарар көширмесин алған күннен баслап жигирма сутка мүддет ишинде усы суд арқалы Қарақалпақстан Республикасы судына апелляция тәртибинде наразылық арза, прокурор усы мүддет ишинде протест келтирип излениўге ерикли.

**Баспылық етиўши, судья:** **И.Калниязов**